



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO SITWÈB SANTRAL DONE SOU COVID-19  
POU AGRANDI AKSÈ PIBLIK LA, SANTRALIZE ENFÒMASYON YO AK  
AMELYORE EKSPERYANS ITILIZATÈ A**

**[Nouvo sitwèb](#) la ofri paj aksè inik pou done sou COVID-19**

***Agrandi disponibilite done yo sou Health Data NY, ki pèmèt itilizatè yo jwenn aksè ak enfòmasyon sou sante nan fòm ki ka telechaje tankou Excel***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman yon [nouvo sitwèb santralize](#) pou done sou COVID-19 nan Eta New York. Sitwèb sa a gen ladan nouvo done ansanm ak yon re-òganizasyon done ki te pibliye anvan yo pou rann li pi fasil pou piblik la jwenn aksè, li ak konprann. Anplis de sa, plis done sou COVID-19 disponib kounye a sou Health Data NY.

"Bay nouvo done sou COVID-19 pou piblik la ak rann done ki egziste yo pi fasil pou jwenn aksè ak konprann se yon lòt mezi n ap pran pou nou gen plis transparans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou pataje dènye enfòmasyon yo avèk Nouyòkè yo, espesyalman pandan pandemi san parèy sa a".

Nouvo sitwèb la make kreyasyon yon paj aterisaj inik pou tablodbò COVID-19 yo ki fasil pou aksede, olye pou gen pou navige nan plizyè kalite tablodbò sou diferan platfòm. Nouvo paj dakèy done a konekte ak 16 paj done kle ki òganize an senk gwo kategori. Anplis de sa, Depatman Sante a te remanye plizyè tablodbò ki te kreye nan kòmansman pandemi an pou bay enfòmasyon nan yon fason ki pi fasil pou konprann ak pi enpòtan pou bezwen aktyèl yo.

**REZIME MIZAJOU TABLODBÒ**

Sou nouvo Tablodbò Tès COVID-19 la:

- Kat ka kimilatif yo te ranplase avèk de nouvo opsyon - Ka pou chak 100 mil, mwayèn 7 jou ak % tès pozitif, mwayèn 7 jou. Sa mete enfòmasyon yo sou pi gwo anplè kòm sadwa ak rann li pi fasil pou konpare konte yo. Kantite teste kimilatif konte a te deplase epi nou kapab kounye a jwenn li lè nou klike sou yon konte espesifik pou plis detay. Lòt enfòmasyon yo te re-òganize pou mete done resan yo anvan done kimilatif yo epi etikèt yo te fon ti chanje pou klarifikasyon.

- Enfòmasyon sou "vizyalizasyon tablo" a disponib kounye a sou kat la ak paj "tès pozitif yo pe a pe, selon rejyon ak konte". Pandan pousantaj pozitivite kimilatif konte a te retire, nou kapab toujou jwenn li nan kalkile pozitif kimilatif /teste kimilatif, ki disponib nan vizyalizasyon kat la.
- Tablo "tandans chak jou" a disponib kounye a nan tablodbò "Tès pozitif yo pe a pe, selon rejyon ak konte". Anplis de sa, tablodbò "Rezilta Pousantaj Pozitif selon Konte" ak tablodbò "Rezilta Pousantaj Pozitif selon Rejyon" an te konbine an yon tablodbò ki montre enfòmasyon nan nivo rejyonal ak konte. Desè yo ki te anvan sa konekte atravè bouton ki nan anba adwat Tablodbò COVID-19 la kounye a endike sou pwòp paj yo.
- Nan paj desè yo, menm done yo ki te disponib anvan yo kounye a pwopaje sou paj la pou fasilite lekti a. Anplis de sa, PDF desè nan mezon retrèt ak nan sant swen pou adilt yo konsolide kounye a nan seksyon desè pou swen alontèm yo.

Tablodbò Siveyans Avètisman Bonè pou COVID-19 la te retire piske li te konstwi pou sipòte endikatè sou re-ouvèti rejyonal ki pa enpòtan ankò. Ka pou chak 100 mil disponib sou Tablodbò Tès COVID-19 ak enfòmasyon detaye sou ospitalizasyon disponib kounye a sou Health Data NY.

### **REZIME MIZAJOU ANSANM DONE**

Anplis de tablodbò yo, ansanm done siplemantè yo disponib kounye a sou Health Data NY, yon baz done piblik ki pèmèt itilizatè yo jwenn aksè ak enfòmasyon sou sante nan plizyè fòm ki ka telechaje tankou Excel. Health Data NY gen ladan kounye a done siplemantè pwòp moun yo rapòte nan Kat Rapò Lekòl COVID-19 la, done mezon retrèt ak sant swen sante ak admisyon nan lopital selon sèks ak kòd postal, ansanm ak kapasite lopital la ak kantite vaksinasyon pèsònèl la.

Lis konplè ajou yo pou Health Data NY:

- Lekòl yo: Tout kat ansanm done yo gen ladan kantite elèv, pwofesè ak pèsònèl pozitif ke chak lekòl endividyèl rapòte chak jou ak kantite depistaj ak tès dyagnostik ki fèt nan chak lekòl.
  - o Done BOCES sou Kat Rapò COVID-19 Lekòl nan nivo Eta nan Eta New York la; 2021-2022
  - o Done Lekòl Prive sou Kat Rapò COVID-19 Lekòl nan nivo Eta nan Eta New York la; 2021-2022
  - o Done Lekòl Piblik Endepadan sou Kat Rapò COVID-19 Lekòl nan nivo Eta nan Eta New York la; 2021-2022
  - o Done Lekòl Piblik sou Kat Rapò COVID-19 Lekòl nan nivo Eta nan Eta New York la; 2021-2022
- Mezon Retrèt/ACF: Nimewo kimilatif mezon retrèt konfime COVID-19 epi sipoze lanmò nan COVID-19 ki disponib avèk kantite desè konfime andeyò sant lan

disponib. - menm jan tankou PDF mezon retrèt la ke yo te mete disponib pou sit piblik la.

- o Desè nan Mezon Retrèt ak Sant Swen Granmoun COVID-19 nan nivo Eta nan Eta New York.
- Konklizyon Vaksen: Kantite jou kimilatif premye dòz vaksen yo ak konklizyon seri vaksen ki disponib selon konte
  - o Done sou Vaksinasyon COVID-19 nan nivo Eta nan Eta New York selon Konte
- Lopital:
  - o Ankèt sou Lopital Sistèm Done Repons Elektwonik Lopital (HERDS) Admisyon COVID-19 selon Sèks - Nan nivo Eta a chak jou
  - o Ankèt sou Lopital Sistèm Done Repons Elektwonik Lopital (HERDS) Admisyon COVID-19 selon Kòd Postal - Nan nivo Eta a chak jou
  - o Ankèt sou Lopital Sistèm Done Repons Elektwonik Lopital (HERDS) Ospitalizasyon ak Kabann pou COVID-19 - Chak jou dapre etablisman an depi 26 mas 2020:
    - § Pasyan ki aktyèlman entène, ki fèt admèt, pozitif apre admisyon, jwenn egzeyat, aktyèlman nan ICU (inite swen entansif), nan ICU ak entibe, ekspire, egzeyat kimilatif, desè kimilatif
    - § Total kabann prepare avèk pèsonèl pare/kabann disponib/kabann okipe, total kabann ICU prepare avèk pèsonèl pare/kabann disponib/kabann okipe
    - § Total nouvo admisyon ki rapòte ak admisyon aktyèl selon gwoup laj
  - o Pèsonèl lopital ki vaksinen - kantite total anplwaye, kantite ki pasyèlman ak konplètman vaksinen

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)